

# Ou te mande: Kisa yon sit gwoup FEMA ye ak kijan yo fonksyone?

---

Release Date: Feb 15, 2023

Sivivan Siklòn Ian nan konte ki elijib ki gen kay ki te andomaje, detwi, oswa ki te vin pa ka viv oswa ki pa ansekirite akòz tanpèt la ka elijib pou asistans lojman dirèk tanporè FEMA. Youn nan solisyon lojman dirèk posib yo se sit gwoup kote plizyè inite lojman mobil pou sivivan yo enstale sou yon moso tè pataje.

Kesyon: Konbyen tan li pral pran pou konstwi yon sit gwoup?

Repons: Tan an mwayèn konstriksyon pou yon sit gwoup ka pran jiska 60 a 75 jou apre yo fin akòde kontra konstriksyon an. Kontra konstriksyon an anjeneral akòde 15-30 jou apre kontra lwave a finalize.

Kesyon: Poukisa li pran anpil tan pou bati yon sit gwoup?

Repons: Chak sit gwoup se yon pwojè konstriksyon konplè, sijè a tout egzijans pwosedi nòmal konstriksyon yo, ki gen ladan pèmi itilizasyon, zòn, ak koneksyon ak sèvis piblik.

Kesyon: Konbyen tan sit gwoup yo ap dire?

Repons: Asistans lojman dirèk disponib pou sivivan ki elijib yo pou jiska 18 mwa apati dat deklarasyon katastwòf la. Peryòd kalifikasyon 18 mwa a sèlman detèmine pa dat deklarasyon katastwòf la, pa lè aplikan an demenaje nan apatman an.

Kesyon: Poukisa se 18 mwa? Èske li ka pwolonje? Pou konbyen tan?

Repons: Lalwa detèmine peryòd 18 mwa a. Peryòd 18 mwa a se tan fiks inisyal la. Eta ki afekte a kapab mande pou FEMA pwolonje misyon lojman dirèk la selon bezwen. Si eta a mande yon ekstansyon pou dire pwogram orijinal 18 mwa a epi FEMA otorize li, lè sa a FEMA ka pwolonje dat fèmen sit la akòz sikontans ekstraòdinè, ak akò pwopriyetè tè a.



FEMA

Page 1 of 6

**Kesyon: Èske sivivan k ap viv nan sit gwoup yo oblige peye lwave?**

Repons: Non, pa pandan peryòd 18 mwa apre deklarasyon katastwòf la. Si pwogram nan pwolonje pi lwen pase premye 18 mwa yo, FEMA gen obligasyon legal pou fè lokatè yo peye lwave. Pri lwave a baze sou To Ekitab pou Lojman ak Devlopman Iben (Housing and Urban Development's, HUDs) pou zòn lokal la. Sepandan, FEMA travay ak sivivan ki gen ti revni pou redwi lwave yo chak fwa sa posib.

**Kesyon: Konbyen tan sit gwoup anvan yo te rete ouvè?**

Repons: Gen kèk sit gwoup ki rete ouvè pou plis pase dezan, jan sa te fèt apre siklòn Katrina ak Harvey. Kantite tan an detèmine an fonksyon de bezwen kontinye pou lojman nan konte ki afekte yo. Eta a ka mande ekstansyon si gen yon bezwen kontinye pou lojman tanporè.

**Kesyon: Èske Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Housing and Urban Development, HUD) ofri nenpòt asistans?**

Repons: Wi. Aplikan ki bezwen asistans HUD travay atravè otorite lojman konte lokal yo. Kooperasyon Lojman nan Florid ka anmezi tou refere sivivan yo bay òganizasyon ki apwopriye yo.

**Kesyon: Èske inite lojman yo enkli trelè oswa kay mobil?**

Repons: Inite lojman pou lojman tanporè yo se kay mobil oswa Inite Lojman Prefabrike (Manufactured Housing Units, MHUs) ak Trelè Vwayaj (Travel Trailers, TTs). Kalite inite lojman an depann de bezwen sivivan yo ak espas ki disponib nan sit gwoup la.



**FEMA**

Page 2 of 6

MHU yo se inite ki meble ak twa chanm ki gen chofaj elektrik ak èkondisyone. Yo pral bay chak MHU selon gwo sè fanmi an ak bezwen kay la. Chak inite soumèt ak yon resètifikasyon kalifikasyon chak mwa.

Kesyon: Ki sa ki anpeche potansyèl kominote tanporè a vin tounen yon destinasyon pou zòn ki san kay?

Repons: Kantite moun pou chak MHU defini epi kontwole aklè. Enskripsyon FEMA a pi sevè pase kondisyon pou sant evakyasyon Lakwa Wouj. Tout sivivan k ap viv nan yon sit gwoup dwe ranpli kondisyon sa yo:

- Sivivan Siklòn lan yo te anrejistre ak FEMA epi yo ka montre prèv yo abite nan zòn ki afekte a.
- Pwopriyetè kay yo te dwe sibi yon pèt pwopriyete reyèl ke FEMA verifye ki omwen \$12 pou chak pye kare, oswa yon lòt kantite domaj ke FEMA detèmine.
- Lokatè yo dwe montre ke rezidans prensipal yo te detwi oswa yo te resevwa gwo domaj kòm rezulta dezas la.

Kesyon: Èske sit gwoup yo gen estanda konduit kominote a?

Repons: Wi. Menm jan ak lokasyon prive yo, moun ki rete nan kominote tanporè potansyèl yo oblige respekte règ ak atant kominote a. Okipan MHU yo dwe mete ajou FEMA regilyèman ak pwogrè Plan Lojman Pèmanan (Permanent Housing Plan, PHP) epi satisfè lòt kritè pou yo rete nan apatman an. FEMA ka revoke yon MHU si yon lokatè vyole kondisyon kalifikasyon Kòd Règleman Federal yo. Okipan yo ka gen opòtinite pou ranje sèten vyolasyon epi rete nan apatman an.

Vyolasyon konduit jeneral yo ka gen ladan men yo pa limite a:

- Twòp bri;
- Deranje lapè;
- Detache oswa lage bêt kay yo poukонт yo;
- Domaj ki fèt nan MHU ki depase itilizasyon nòmal li; epi
- Pa netwaye andedan ak deyò MHU a.

Vyolasyon elijiblite pwogram yo ka gen ladan men yo pa limite ak pa disponib regilyèman pou rankontre ak FEMA epi pa pwogrese ak plan lojman pèmanan nan



**FEMA**

Page 3 of 6

yon delè rezonab.

Kesyon: Ki konsekans ki genyen si yon sivivan vyole estanda konduit kominote a?

Repons: Vyolasyon estanda konduit yo ka mennen nan FEMA repren inite a. FEMA bay okipan MHU yo avi ki komèt konduit jeneral oswa vyolasyon kalifikasyon pwogram yo anvan yo revoke apatman an. Apre avètisman an, FEMA pibliye yon avi ki anile lisans MHU a pou moun ki pa t korije vyolasyon yo. FEMA bay lokatè yo yon avi ki dekri vyolasyon yo dwe korije nan 15 jou pou yo rete nan MHU a. Yo bay avi yo pèsonèlman oswa pa lapòs.

Okipan ki komèt gwo vyolasyon ka resevwa yon avètisman pou mwens pase 15 jou. Egzanp gwo vyolasyon yo enkli men pa limite ak aktivite kriminèl ak menas sante oswa sekirite.

Kesyon: Èske ka mete sivivan yo deyò nan yon sit gwoup?

Repons: Wi. Yo mete sivivan yo deyò nan yon sit gwoup si:

- sivivan an te vyole kondisyon sèvis yo oswa
- misyon lojman an te fini, epi sivivan an refize deplase soti nan inite a.

FEMA travay ak Depatman Lajistics sou yon pwosesis degèpisman fòmèl. Pwosesis degèpisman an kòmanse sèlman apre anpil tantativ pou travay ak sivivan an pou idantifye lòt lojman oswa fè pwogrè nan plan lojman pèmanan yo.

Kesyon: Si yon aplikan gen pwoblèm pou jwenn yon plan lojman pèmanan, èske FEMA ap ede?

Repons: Yo refere aplikan yo bay Jesyon Ka Dezas ki ka travay avèk yo pou devlope plan lojman pèmanan yo epi ede yo konekte ak lòt resous rekiperasyon yo.

Kesyon: Èske timoun yo ap viv nan sit gwoup yo? Ki jan lekòl lokal yo pral konpanse pou foul nouvo timoun ki gen laj lekòl?



**FEMA**

Page 4 of 6

Repons: Sit gwoup yo gen tout kalite fanmi, enkli moun ki gen timoun. FEMA kowòdone ak distri eskolè a lè li fè yo konnen kantite potansyèl timoun ki gen laj lekòl k ap viv sou sit la epi li konfime ke yo disponib epi yo bay otobis lekòl piblik yo vin chèche yo. Tout sivivan ki elijib yo trete yon fason ekitab.

Kesyon: Èske lapolis lokal yo ak depatman ponpye yo reponn ak ijans nan sit gwoup ki nan jiridiksyon yo?

Repons: Wi.

Kesyon: Èske sa vle di ke pral gen mwens resous polis ak ponpye ki disponib pou rezidan lokal yo k ap viv toupre yon sit gwoup?

Repons: Non. Sit gwoup yo pa ajoute yon demann enpòtan nan sèvis ijans lokal yo. Yon sit gwoup egziste pou sipòte kominote lokal la ak sivivan yo ki te viv nan kominote sa a anvan katastwòf la. Yo, tankou ou, dwe trete ekitab.

Kesyon: E sèvis Iwazi yo?

Repons: Si konsèy vil lokal la mande I, FEMA bay yon kote pou Iwazi pou fanmi k ap viv sou sit la. Sit gwoup yo fèt pou lojman maksimòm nan yon minimòm pye kare, kidonk nan kèk ka anprint lojman an ka bezwen redwi pou akomode yon kote pou Iwazi.

Kesyon: Èske sit gwoup yo klotire?

Repons: Wi, sit gwoup yo anjeneral klotire epi yo gen planch pou entimite si sa rekòmande.

Kesyon: Èske sit gwoup sa yo ap lakòz plis konjesyon lokal? Èske rezidan yo ap gen machin? Èske inite lojman yo genyen espas pakin?

Repons: Pifò sivivan ki anrejistre yo gen machin, epi chak MHU gen ladan omwen yon plas pakin adjasan. Yo pa pèmèt plis pase de machin pou chak inite.

Sit gwoup yo pa ta dwe ajoute plis anboutejay paske okipan yo, nan prèske chak ka, déjà abite nan kominote lokal la. Menmsi ka gen kèk anboutejay nan antre/sòti



**FEMA**

Page 5 of 6

a pandan lè nòmal pou vwayaje, yo pran tout prekosyon epi modèl trafik sou sit la fèt pou minimize enpak.

Kesyon: Ki moun ki peye depans pou bati yon sit gwoup? Ki moun ki peye depans pou lwe tè a ak enstale sèvis piblik yo?

Repons: Pa gen okenn depans pou kominate a oswa pou sivivan yo. Dapre kontra, gouvènman federal la pral peye pwopriyetè pwopriyete a jis sou mache valè pou itilizasyon tè a nan fòm yon kontra lwave oswa yon akò itilizasyon tè. Konsepsyon sit, enstalasyon enfrastrikti, ak enstalasyon ak preparasyon inite lojman endividyèl yo tout se FEMA ki bay yo epi yo peye pou yo pa dola federal. Tout sèvis piblik yo enstale ak konekte pa yon kontraktè FEMA an kowòdinasyon ak founisè lokal elektrik, dlo ak egou yo.

Kesyon: Kisa k ap pase lè sit la fèmen? Ki moun ki pral retire MHU ak enfrastrikti yo?

Repons: FEMA pral retire tout MHU yo. Apre yo fin kite tout inite yo epi yo retire yo nan sit la, yo retire enfrastrikti a, epi pwopriyete a sou demann gouvènman lokal la oswa pwopriyetè pwopriyete a retounen sit la pi pre ke posib nan kondisyon li te déjà egziste.

Kesyon: Lè yon aplikan deplase soti nan yon inite, kisa k ap pase nan inite a?

Repons: Yo netwave inite a epi prepare pou l itilize pou pwochen kay ki nan bezwen an. Si bezwen an satisfè nan tout zòn yo, inite a ka dezaktivé epi retounen nan depo. Tou depan de kondisyon li, yo ka mete inite a tou pou vann piblik sou GSAuctions.gov.

Kesyon: Kisa k ap pase tè a alontèm Èske li modifye nan fason pèmananman pou lojman, oswa pou yon lòt rezon?

Repons: FEMA travay ak gouvènman lokal la pou detèmine kijan yo vle sèvi ak tè a apre yo fin fèmen yon sit gwoup. Nan pifò ka yo, rezonifikasyon an se yon nati tanporè jan otorite apwobasyon konte a mande.



**FEMA**

Page 6 of 6